# ӘЙЙЕМГИ ҲӘМ ОРТА ӘСИРЛЕРДЕГИ ҚУБЛА АРАЛ БОЙЛАРЫ ХАЛЫҚЛАРЫНЫҢ ТУРАҚ ЖАЙ ҚУРЫЛЫСЫ ҲАҚҚҚЫНДА АЙЫРЫМ МАҒЛЫЎМАТЛАР

**Алимбетов Аңсатбай Кеунимжаевич**
*Бердақ атындағы ҚМУ Археология кафедрасы оқытыўшысы, (PhD).*

Турақ жай пухаралардың турақлы жасаўға мөлшерленген, жасаў ушын талапларға жуўап беретуғын ҳәм арнаўлы үйлер сыпатында пайдаланыўға мөлшерленген орынларға қолланылып, көпшилик жағдайда түрли илимий әдебиятларда орын, мәкан, үй, үй-жай, хожалық, ҳәўли, там, бина синоними сыпатында пайдаланылып келинген.

Қубла Арал бойлары халықларының турақ жай ҳәм имаратлар қурлысын бир қанша басқышларға бөлип шығыў мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

Әййемги дәўир турақ жайлары бизиң эрамызға шекемги 40 мың жыллар алдынғы Қубла Арал бойларындағы үңгирлерден басланады (“Homosapiens” соңғы палеолит-саналы адам дәўири). Әййемги үңгирлер Үстүрт, Султанўайс таўы ҳәм Қызылқумда табылған [Бижанов:1, 16].

Келтеминар мәденияты (бизиң эрамызға шекемги IV-III мыңыншы жыллар, Жанбас-4 қоныс орны). Бул қос формасындағы ағаштан (каркаслы) тикленип, турақ жайлардың төбеси ҳәм қаптал дийўаллары терек шақларынан таярланған қадалар ҳәм ағаштың путақларынан, қамыс ҳәм оларға ҳәр қыйлы жабайы шөплер араластырып бастырылған, капталларыда усындай таяр материаллар менен оралған [Виноградов: 2, 119-131].

Тазабағжап мәдениятына тийисли турақ жай (бизиң эрамызға шекемги II мың жыллық орталары). Бул дәўирде үстинли конструкцияга ийе ҳәм жер үстинде бир ямаса еки бөлмеси болған ярым жертөле түриндеги турақ жайлар қурылған. Турақ жайлардың төбеси ағашлалардың жиңишке шақалары ҳәм қадалары, қамыс пенен бастырылып төбесине топырақ жайылған [Толстов: 2, 63-74].

Көшпели турақ жай - жергиликли тереклердиң қалың шақаларынан жасалған қадаларды бир бирине байлап тигилетуғын отаў (б.э.ш. I-мың жыллық). Қубла Арал бойы аймақларында сак-массагетлер, оғузлар ҳәм қыпшақлар менен жасаған халықлар. Олардың турақ жайлары тийкарынан жеңил көшпели отаўлардан ибарат болған.

Әмирабад мәдениятына тийисли турақ жайлар (б.э.ш. VIII-VII әсирлер). Сабанға ылайды (пахсалы) араластырып қурылған ҳәм бөлмелер саны бир нешеге көбейип, атқаратуғын хызметлериде көбейтилген турақ жайлар [Итина:3, 149,].

Қубла Арал бойларындағы антик дәўир цивилизациясына тийисли естеликлер қатарына Ақшаханқала, Топыраққала, Аяз-қала, Гүлдирсин, Жекке-Парсан, Қабатқала, Миздақхан, Қыят сықлы пайтахт - қалаларды ҳәм басқа үлкен ҳәм де киши қалаларды киргизиўге болады. Бул тарийхый қалалалар аймағында архитектуралық естеликлер, фортификациялық қурлыслардан тысқары онлаған турақ жай имаратлары ҳәм турақ-жайлар қатарластырылып салынғанлығы археологиялық изертлеўлер ўақтында анықланған [Хожаниязов: 6,34-38].

Қубла Арал бойларындағы антик дәўирде турақ жайларды қурыў режелеринде төмендеги өзгерислер пайда болды: турақлы турақ жай имаратларынан ибарат турақ-жай қатарлары (массивлери), үйлердиң режелик дүзилисинде ҳәўли типидаги турақ жайлар кең көлемде қурылған. Далан - ҳәўли бөлмеси пайда болған, турақ жай орнындағы бөлмелер көлеми ҳәм бийиклиги жағынан асырылған, үй дүзилисинде хожалық бөлмелери ҳәм т.б. салынған [Шнекеев: 8,12].

Қапы ҳәм әйнеклери аралықларында ҳәр қыйлы дийўалый текшелер қурылған. Ағаш бөренелерден гүмбез көринисиндеги бастырмалар, таяныш ретинде дөңгелек дийўаллар ушын пилон-үстинлер ҳәм ағаш тирепберди қурылмаларынан пайдаланылған. Орта әсирлерде Қубла Арал бойлары халықларының цивилизация ошақлары Қабат-қала ҳәм Бүркит-қала оазислеринде, Шемаха-қала, Пулжай ҳәм Миздаххан, Жампыққала сыяқлы қалалардың архитектуралық естеликлери ҳәм турақ жайларында бул өзгерислер айкын сезиледи. IX-XI әсирлерде Пулжайда сырты ҳәм үсти жабық ишки ҳәўлилери болған айрықша аўыл турақ жайлары қурылған [Кдырниязов…:4, 84-88]. XII-XIII әсирлерде Қабат-қала оазисинде халық тығызлығы жүдә жоқары болып, мағлыўматларға қарағанда, 1 кв. км. майданға 200 адамнан көбиректи кураған. Қала халқы тоқ, қурғын жасағанлығын билдиретуғын еки қабатлы үйлердиң бар екенлиги археологиялық изертлеўлер ўақтында тастыйықланды [Толстов: 2, 81-84,].

Қубла Арал бойларындағы орта әсирлерге тән болған турақ жай архитектурасы Миздақхан естелигинде алып барылған археологиялық изертлеўлер арқалы үйренилди. Б.э.ш. IV-әсирден бизиң эрамыздың XVI- әсирге дейинги аралықда қурылған турақ жай ҳәм имаратлардың қалдықларын үйренилгенде

төмендегилер анықланды: Миздақхан комплекси үш төбеликтен-қойымшылық, Гәуир-қала қорғаны ҳәм "Антакия қаласы"нан ибарат. Миздахқан үлкен қала болып, оның әтирапында 12000 та аўыл қорғанлардан ибарат екенлиги жазба дереклерде айтып өтилген. Қала аймағында сегиз турақ жай мәҳәллесин үйрениў тийкарында турақ жай массивлериниң жайласыўы, саўда-сатық ҳәм өнерментшиликке қәнигелескен орынлар, турақ жайлар алдындағы бастырмалы майданшалар, түрли хызмет көрсетиў орынлары, көшелер, турақ жайлардың ишки интерьерлери, қаланың арк, шаҳристан, рабад, кәрўан сарайлар ашылған. Қала Уллы Жипек жолы бойында жайласқан дийханшылық, саўда өнерментшиликке қәнигелескен транзит орны ретинде белгили. [Кдырниязов…: 5, 37-43,].

Қубла Арал бойы аймағындағы Орта әсирлер (IX-XVI әсирлер) ге тән турақ жайлардың төмендеги тәреплерин атап өтиў мүмкин:

микроклиматты жақсылаў мақсетинде турақ жай массивлери тәбийий төбеликлерде қурылған;

бир мәҳәлледе (квартал) турақ жай биналарды тығыз жайластырылыўы, бунда ҳәр бир турақ жай орынның композициялық дүзилиси бөлмелер ҳәм ҳәўлиниң ақылға уғрас жайластырылыў нәзерде тутылған (Миздақхан);

көп ханалы үйлер қурамына әйўан ҳәм ҳәўли сыяқлы элементлер қосылған (Миздахқан);

аўыллық турақ жайларында болса үсти жабық қысқы бийик әйўан ҳәм үсти ашық жазғы әйўанның элементлери қолланылған (Пулжай, IX әсир);

канализация системасына ийе моншалар ҳәм жууўыныў бөлмелериниң бар екенлиги анықланды;

дийўалларда нағыслы қурылмалар токчалар кең қолланылған;

турақ жай бөлмелери ишки интеръерлеринде ҳәр қыйлы архитектуралық безеўлердиң қолланыўы бөлмелердиң көркемлилик тәреплерине аҳмийет берилгенлигинен дәрек береди.

Атап өтиў керек, дийўалларды өргенде жарықларды кемейтиў мақсетинде, гербишлер вертикал тәрзде жайластырылыўы усталардың имаратларының беккемлигин асырыўға ҳәрекет еткенликлеринен дәрек береди.

Жуўмақлап айтқанда келешекте Қубла Арал бойы қала ҳәм аўыллық турақ жай қурлысы, жәмийетлик қурлыслар ҳәм биналардың топографиясын, қурлыс материалларын салыстырмалы өз алдына изертлеў баслы мәселелердиң бири деп есаплаймыз.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**

1. Бижанов Е.Б. Каменный век Устюрта. АДД. -Т.,1996.
2. Виноградов А.В., Итина М.А., Яблонский Л.Т. Древнейшее население низовий Амударьи. ТХЭ, т. XV. -М., 1986.
3. Итина М. А., Поселение Якке-Парсан 2 (раскопки 1958 — 1959) // Материалы Хорезмской экспедиции, вып. 6, -М., 1963.
4. Кдырниязов М.-Ш., Сайпов С. Городище Пульжай //Вестник КГУ им. Бердаха № 1 (26) Стр. 84-90. Нукус-2015
5. Кдырниязов М-Ш., Бауетдинов Р. Средневековый Миздахкан (поселение и материальная культура). -Самарқанд. 2008.
6. Хожаниязов Ғ. Қадимги Хоразмнинг мудофаа иншоотлари. - Т.,2007.
7. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. - М., 1962;
8. Шнекеев Ж.К. Особенности развития архитектуры жилища Каракалпакстана. Автореферат, (PhD). - Т., 2018.